

Tanpri fè yon kopi dokiman sa a anvan ou ranpli aplikasyon an.



PANÈL NOMINASYON KOMITE LEKÒL BOSTON

Meri, Biwo Majistra 5yèm etaj
Boston, MA 02201

APLIKASYON POU KOMITE LEKÒL

Tanpri sonje: Aplikasyon sa a se pou ranpli dènye pòs ki te vin vid nan Komite Lekòl Boston an, ak yon manda ki ekspire 1ye janvye 2028.

Yon aplikasyon konplè obligatwa pou yo ka konsidere nenpòt pòs ki disponib nan Komite Lekòl la.

Tout aplikasyon yo dwe voye pa imèl nan adrès sa a: scnominatingpanel@boston.gov
(Ou ka voye aplikasyon yo pa lapòs, pa faks, oswa pa livrezon alamen nan adrès ki anwo a.)

Yo dwe resevwa aplikasyon yo anvan 11:59 pm nan Vandredi 8 Out 2025.

Entèvyou pou kandida yo chwazi yo ap fèt nan dat 13 ak/oswa 14 Out, ant 4:00-6:00 pm, atravè Zoom.

Non:

Èske w gen omwen 18 lane ?:

Adrès (Rezidans Boston obligatwa):

Pi bon nimewo pou kontakte w:

Imèl:

Ki metòd kominikasyon ou pito?:

Avèk ki ras ak/oswa etnisite ou idantifye?:

Tanpri fè yon kopi dokiman sa a anvan ou ranpli aplikasyon an.

Ki pwonon ou itilize?:

Èske w te ale nan Lekòl Piblik Boston? Si wi, ki lekòl (yo)?:

Èske w se yon gadyen oswa yon moun k ap okipe yon timoun ki ale nan yon lekòl piblik Boston(BPS)? Si wi, ki lekòl (yo)?:

Èske w gen yon lòt koneksyon ak BPS? Pa egzanp, yon manm fanmi lwen ap travay oswa enskri nan yon lekòl piblik Boston (BPS):

Sèvi nan Komite Lekòl la mande anpil tan pou prepare pou reyinyon chak de semèn, konekte ak depatman lekòl yo ak lidè yo, epi patisipe nan reyinyon ki fini byenta nan aswè. Èske w ka pran angajman sa a epi gen fleksibilite pou w patisipe nan reyinyon enpwovize lè priyorite yo chanje?

Pou de pwochen seksyon yo, ou ka atache yon rezime oswa yon CV olye pou w bay lis enfòmasyon ki anba a.

ENFÒMASYON SOU EDIKASYON: Lis lekòl yo, domèn ak dat etid yo nan lòd kwonolojik.

EKSPERYANS TRAVAY : Lis anplwayè yo, tit travay yo ak dat anplwa yo nan lòd kwonolojik.

Tanpri reponn kesyon sa yo konplètman (200 mo maksimòm):

1. Poukisa w enterese pou w patisipe nan Komite Lekòl Boston an?

2. Èske w te janm patisipe nan yon reyinyon Komite Lekòl la? Si wi, ki enpresyon w ak rekòmandasyon w genyen pou amelyore reyinyon Komite Lekòl yo?

Tanpri fè yon kopi dokiman sa a anvan ou ranpli aplikasyon an.

3. Ki eksperyans ou fè ak BPS ak/oswa edikasyon piblik lavil yo?
4. Ki sa ou kwè ki se twa pwoblèm ki pi ijan nan BPS?
5. Pale nou de 1 a 3 bagay ou espere ke BPS reyalize nan 3 a 5 lane kap vini yo.
6. Ki kalite angajman tan ou dispoze pou w ofri? Èske w ka priorize prezans an pèsòn nan tout reyinyon Komite Lekòl yo? Èske w gen kapasite pou w patisipe nan reyinyon pandan jou lekòl, sèvi nan gwoup travay, ale nan evènman espesyal nan lekòl yo (gradyasyon, pèfòmans, elatriye), epi patisipe nan retrè ak fòmasyon?
7. Komite Lekòl Boston an se konsèy administrasyon BPS. Dekri kijan ou t ap apwoche kolaborasyon ak patenarya avèk lidèchip BPS la.
8. Byenke se pa yon kondisyon anvan pou sèvi nan Komite Lekòl la, tanpri dekri nenpòt atribi oswa konpetans espesyal ou ta ka pote nan sèvis ou (pa egzanp, jesyon finansye, devlopè politik, travay komite, elatriye), baze sou eksperyans pèsònèl, eksperyans nan travay volontè, oswa pwofesyonèl.
9. Èske nenpòt nan aktivite oswa relasyon w yo prezante posiblite pou gen yon konfli enterè si yo te nonmen w nan Komite Lekòl la? Si wi, ki jan ou ta ka abòde konfli sa a? Tanpri sonje ke se yon konfli enterè pou yon anplwaye BPS vin manm Komite Lekòl la. Èske gen lòt bagay Komite a ta dwe konnen de ou kòm kandida pou Komite Lekòl la?

Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen prezante la a konplè, egzak, e vrè dapre sa mwen konnen, e mwen otorize Panèl Nominasyon an pou l verifye enfòmasyon sa yo jan sa nesesè.

Non

Dat:

(Si w ap voye anliy, lè ou tape non ou l ap reprezante siyati ou tou)